



Non Pasyan an: _____ Dat Nesans: _____

Adrès: _____ Telefòn: _____

Vil/Eta/Kòd Postal: _____ Imèl: _____

Nan dokiman sa mwen mande ak otorize: ☐ NCH Hospital ☐ NCH Physician Group pou yo divilge enfòmasyon sante pèsonèl mwen yo

Divilgasyon enfòmasyon sou sante bay: _____

<i>Tanpri Presize Metòd Divilgasyon an:</i>	☐ Imèl Sekirize: _____ ☐ Kourye Lapòs: _____ ☐ An pèsòn (<i>Adrès la nan 2^{em} paj la</i>) ☐ Nimewo Faks: _____
---	---

Mwen konprann epi mwen rekonèt ke sèten enfòmasyon ki ka nan dosye medikal la egzije otorizasyon espesifik pou divilge yo, epi sof si lalwa prevwa sa yon lòt fason, yo pa ka divilge enfòmasyon sa yo san otorizasyon espesifik mwen. **Anplis de sa, se dwa m pou mwen refize yo divilge yo epi pou m anpeche nenpòt lòt moun divilge enfòmasyon konfidansyèl. Enfòmasyon sa yo ta ka gen ladan yo: (1) tretman pou pwoblèm mantal oswa emosyonèl, (2) abi alkòl/dwòg, ak/oswa (3) tès VIH ak/oswa rezilta tès. PA divilge enfòmasyon konfidansyèl.**

Objektif pou Divilgasyon an: ☐ Tèt ou/Pèsonèl ☐ Swen Kontini ☐ Asirans ☐ Legal ☐ Lòt (presize): _____

Otorizasyon sa a se pou dat tretman ki mansyone a (yo): Soti: _____ Pou rive: _____

Enfòmasyon yo pral pibliye/divilge (tcheke tout sa ki aplikab):

- | | | | |
|--|--|--|---|
| ☐ Rezime medikal (Gen ladan l H&P, Rapò Operasyon, Rapò Konsiltasyon, Rapò Tès, Rezime Egzeyat) | ☐ Nòt Biwo Doktè a | ☐ Rapò Konsiltasyon | ☐ Rapò Radyoloji |
| | ☐ Nòt Ijans | ☐ Rezilta Laboratwa | ☐ Imaj Radyoloji |
| | ☐ Antesedan Medikal ak Egzamen Klinik | ☐ Rapò Operasyon | ☐ Rapò Kadyoloji |
| | ☐ Rapò Egzeyat | ☐ Imaj Patoloji | ☐ Imaj Kadyoloji |
- ☐ Lòt (Tanpri presize): _____

Mwen dakò nan dokiman sa pou m libere, dedomaje epi pwoteje NCH Healthcare System, ofisye li yo, direktè, anplwaye, ajan ak manm pèsonèl medikal li yo, kont nenpòt reklamasyon kont li oswa responsablite li ta genyen nenpòt ki lè, ki rive akòz oswa an koneksyon avèk divilgasyon enfòmasyon medikal mwen otorize dapre otorizasyon sa a. Lè ou siyen otorizasyon sa a, enfòmasyon sou sante yo itilize oswa divilge dapre otorizasyon sa a gendwa pa anba pwoteksyon lwa federal sou vi prive yo ankò.

Ou ka revoke otorizasyon sa a nenpòt ki lè, lè w avize Responsab Konfidansyalite a, sof si etablisman k ap resevwa enfòmasyon yo te deja pran aksyon an fonksyon de li. Otorizasyon sa a ap ekspire otomatikman nan yon (1) ane apati dat li te siyen an, sof si pasyan an oswa reprezantan otorize pasyan an revoke li anvan lè sa a.

Mwen dakò tou pou peye frè yo jan yo endike nan paj 2 dokiman an pou m bay enfòmasyon yo mande a. Yo pa peye frè yo sèlman si yo voye kopi yo bay yon kabinè doktè ak/oswa yon pwofesyonèl swen sante.

Siyati Pasyan an

Dat

Reprezantan Legal

Relasyon ak Pasyan an

Dat

OTORIZASYON POU DIVILGASYON ENFÒMASYON MEDIKAL
JESYON ENFÒMASYON SOU SANTE
NCH HEALTHCARE SYSTEM, NAPLES, FL



POU MANDE DOSYE MEDIKAL
SOU SITWÈB SEKIRIZE A OLYE
DE FÒMILÈ PAPYE SA A:

Eskane kòd QR sa a
avèk kamera telefòn
ou oswa tablèt ou

Datavant (CIOX) fasilite piblikasyon dosye NCH Healthcare System yo avèk otorizasyon apwopriye. Nan yon efò pou nou sèvi w pi byen, direktiv sa yo aplikab, annakò avèk Lwa Eta Florida:

1. Nou dwe jwenn **OTORIZASYON EKRI, SIYEN** nan men **PASYAN an oswa REPREZANTAN LEGAL** la (apre yo fin kite lopital la) pou yo ka bay dosye medikal la. Tanpri bay yon avi 48 èdtan davans.
2. Lè w ap mande dosye medikal yo, **OTORIZASYON AKTYÈL la ak PYÈS IDANTIFIKASYON ki gen FOTO APWOPRIYE OBLIGATWA.**

Selon **Lwa 395.3025 Eta Florid ak Kòd 59R-10.005 Eta Florid la**, gen yon frè pou peye:

- a. \$6.50 frè fiks pou chak demann pasyan
- b. \$.05 pou chak paj ki enprime epi ke yo livre an kopi papye
- c. Frè lapòs reyèl pou dosye yo livre an kopi papye
- d. \$2.00 pou peye pou delivre pòsyon dosye ki konsève sou papye a pou yon demann estanda plis 6.5% taks sou lavant ak nenpòt frè ekspedisyon ak administratif ki aplikab pou dosye medikal yo pa voye **DIRÈKTEMAN BAY YON DOKTÈ OSWA YON LOPITAL**
- e. Yon frè **\$6.50 pou chak CD** aplike pou imaj Radyoloji, Kadyoloji ak EKOGRAFI

NCH Healthcare System, Inc.
Health Information Management
NCH Business Center
1100 Immokalee Road, Suite 100
Naples, FL 34110
TELEFÒN: 239-624-6567
FAKS: 239-624-6561
IMÈL: releaseofinformation@nchmd.org
Lendi – Vandredi 8:00 am pou rive 4:30 pm

OTORIZASYON POU DIVILGASYON ENFÒMASYON MEDIKAL
JESYON ENFÒMASYON SOU SANTE
NCH HEALTHCARE SYSTEM, NAPLES, FL